



# Ou planifye angaje yon Antreprenè pou renovasyon? Kèk Astis Byen Rapid pou Konsomatè yo.

Yon moun oswa yon biznis dwe gen yon Antreprenè Modènizasyon Kay ki gen lisans pou fè travay ki koute plis pase \$200 nan nenpòt biling rezidansyèl nan vil New York. Travay renovasyon kay gen ladan I renovasyon oswa reparasyon. Li pa enkli konstriksyon nouvo kay, plonbri, oswa travay ki piman elektrik. Swiv konsèy sa yo pou w pwoteje kay ou ak lajan ou:

## Toujou itilize sèvis yon antreprenè modènizasyon kay ki gen lisans.

Pou w tcheke estati lisans ak Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP) a, rele **311** oswa vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp). Klike sou *Consumers (Konsomatè) → Check License (Tcheke Lisans)*.

## Lè yo gen Lisans, Ou Pwoteje

Si yon antreprenè modènizasyon kay ki gen lisans DCWP dwe w lajan, ou ka elijib pou ranbousman atravè Fon Plasman pou Antreprenè Modènizasyon Kay. Gade do a pou plis enfòmasyon. **Toujou Sonje:** *Ou pa kalifye pou opsyon ranbousman Fon Plasman a si w itilize yon antreprenè ki pa gen lisans pou modènizasyon kay.*

## Fè yon lis travay ou vle fè.

Prepare anvan ou pale ak nenpòt antreprenè modènizasyon kay. Konnen spesifisite pwojè yo, ki gen ladan karakteristik detaye ke w ka vle. Konnen bidjè ou, an patikilye limit bidjè w.

## Jwenn estimasyon alekri nan men plis pase yon antreprenè modènizasyon kay ki gen lisans.

Antreprenè modènizasyon kay yo dwe ba ou yon estimasyon alekri si w mande youn. Yo ka chaje w yon frè rezonab, men yo dwe di w pri a anvan yo prepare yon estimasyon. Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou w wè yon echantyon Estimasyon ke DCWP te kreye.

## Jwenn referans serye epi tcheke istwa plent yo.

Rele **311** epi di “Business Background Check” pou w tcheke istwa plent yo ak DCWP. Tcheke tou istwa plent ak ajans ki andeyò vil New York.

## Andeyò Vil New York

### Konte Nassau

Depatman Afè Konsomatè [nassaucountyny.gov](http://nassaucountyny.gov)  
(chache “Consumer Affairs” (Afè Konsomatè))

### Konte Suffolk

Divizyon Afè Konsomatè [suffolkcountyny.gov](http://suffolkcountyny.gov)  
(chache “Consumer Affairs” (Afè Konsomatè))

### Konte Westchester

Depatman Pwoteksyon Konsomatè [consumer.westchestergov.com](http://consumer.westchestergov.com)

### Depatman Deta Eta New York

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè [dos.ny.gov/consumer-protection](http://dos.ny.gov/consumer-protection)



Consumer and  
Worker Protection

Plis >

## Konnen dwa kontra ou.

- Antreprenè yo dwe ba ou yon kontra alekri ke oumenm ak antreprenè modènizasyon kay la siyen.
- Kontra a dwe genyen yon fòmilè Avi pou Anilasyon ki separe.
- Antreprenè yo dwe ba ou yon kopi kontra ki siyen an anvan travay la ka kòmanse.
- Kontra a ak fòmilè Avi Anilasyon an dwe nan lang angle klè. Si w te negosye kontra a nan yon lòt lang, antreprenè a dwe ba ou yon kopi kontra a ak fòmilè Avi pou Anilasyon an nan lòt lang sa a.
- Kontra a dwe gen ladann dat enpòtan yo, yon deskripsiyon travay yo dwe fè a, yon deskripsiyon materyèl antreprenè a pral bay, nenpòt orè peman ki negosye, ak tout chaj, ak garanti.

Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou w wè yon echantyon Kontra ak Avi Anilasyon an plis fòmilè Lòd Chanjman ke DCWP te kreye.

## Pa janm peye an lajan kach oswa san yon kontra.

- Peye pa plis pase 25% nan montan total kontra a davans pou kòmanse travay la.
- Kenbe tras tout papye ak peman yo.

## Fè aranjman pou finansman poukонт ou.

Antreprenè modènizasyon kay yo pa gen dwa fè aranjman oswa ofri finansman pou yon prè renovasyon kay. Sèvi ak pwòp bank ou oswa inyon kredi ou.

### Konsèy finansye gratis

Si w bezwen èd ak finans ou, NYC Financial Empowerment Centers yo la pou sipòte w.

#### Pranyon randevou jodi a:

Al vizite [nyc.gov/TalkMoney](http://nyc.gov/TalkMoney) | Rele 311

## Mande pou w wè pèmi yo.

Antreprenè modènizasyon kay ou a dwe sekirize tout pèmi, lisans, sètifikasi lokasyon, oswa eksepsyon espesyal ki nesesè pou fini travay yo fè kontra a. Si kontraktè w la pa gen pèmi obligatwa anvan travay la kòmanse, w ap fini pa peye amann yo.

## Depoze yon plent.

Pou repòte kontra ak diskite kalite travay ak yon antreprenè modènizasyon kay, rele 311 oswa vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp).

### Fòmilè reklamasyon Fon Plasman pou antreprenè modènizasyon kay

Ou ka elijib pou ranbousman si yon antreprenè modènizasyon kay ki gen lisans DCWP:

- pa t 'fè travay ki te sou kontra a; oswa
- dwe ou lajan.

Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon ranbousman atravè Fon Plasman pou Antreprenè Modènizasyon Kay.